

Sipòte lang ak alfabetizasyon

30 mwa: Swiv enterè yo

Devlope lanmou pou aprantisaj, lang, ak alfabetizasyon lè ou patisipe nan sa yo enterese ladan yo. Si yo renmen veyikil, ede yo eksplòre sijè sa a ak liv, istwa, jwèt, ak eksperyans ki an sekirite. Lè ou swiv sa yo renmen, sa ranfòse lyen ki genyen ant ou menm ak yo, ede yo devlope pwòp enterè pa yo, epi pèmèt yo fè kreyativite yo soti.

Konsèy ak Aktivite



Repa an fanmi Pran plezi nan prezans yonn lòt ak evite tan devan ekran pandan w ap manje.

Jwèt Kastèt senp
Nonmen chak pyès
pandan pitit ou ap
mete yo



Kite pitit ou vire paj
yo pandan n ap li liv
la.



Rakonte nouvo istwa selon
imaj ki nan liv la pou kenbe
atansyon pitit ou. Ou pa
oblige li mo pou mo.



Fè lekti vin amizan! Li
anba yon 'tant' ak
yon limyè.



Etap tipik langaj

Swiv enstriksyon 2 etap ki pa gen rapò youn ak lòt, pa egzanp. "Ban mwen boul la epi ale chèche palto ou"

Sèvi ak fraz ki gen 2–3 mo ak plis pase 50 mo (an total nan tout lang li pale yo)

Sèvi ak vèb ki gen '-ing', pa egzanp 'eating' (ap manje) oswa 'running' (ap kouri), ak vèb ki gen '-ed', pa egzanp 'looked' (te gade) oswa 'played' (te jwe)

Omwen 50% nan sa pitit la di, moun k ap pran swen li a konprann l

Sèvi ak mo pou atire atansyon ou, pa egzanp 'gade'

Di non pa yo lè yo mande yo

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

Kenbe yon journal

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

Sèvi ak resous ou yo

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

Fè entwisyon ou konfyans

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC.yo](#)